# ZAMANAGÓY TÁLIM METODLARI HÁM BAǴDARLARINIŃ ÁMELIYATTA QOLLANILIWI

**Turemuratova Aziza Begibaevna**
Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti assistenti.
*azizaturemuratova85@gmail.com*
**Abillaev Rufat**
Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti student.
**Turg'anbaev Beksultan**
Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti student.
**Orazbaev Azizbek**
Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti student.
*https://doi.org/10.5281/zenodo.17671221*

***Annotatsiya.*** *Bul izertlewde házirgi kúnge kelip bilimlendiriwdiń zamanagóy baǵdarlarınan kelip shıqqan halda bilimlendiriwge baylanıslı mámleketlik baǵdarlamalar hám bilimlendiriwge baylanıslı interaktiv strategiyalarǵa tiykarlanǵan halda pedagogikalıq metodlardı shólkemlestiriw úlken áhmietke iye bolmaqta. Bilimlendiriwdiń interaktiv strategiyalarına tiykarlangan zamanagóy metodlardıń tiykarǵı maqseti bul bilim beriw nátiyjeliligin arttırıw hám oqıwshınıń bilim alıwǵa bolgan qızıǵıwshılıǵın arttırıwdan ibarat. Bul izertlewde bilim beriw metodları tiykarında kolloborativ bilim beriw formasınıń abzallıqları haqqında maǵlıwmatlar keltirilgen.*

***Gilt sózler:*** *Zamanagóy bilimlendiriw, bilim beriw metodları, interaktiv metodlar, pedagogikalıq metodlar, kollaboraciyalıq bilimlendiriw, pedagogikalıq sheberlik, psixologiyalıq izertlewler.*

## PRACTICAL APPLICATION OF MODERN EDUCATIONAL METHODS AND TRENDS

***Abstract.*** *In this study, it is important to establish educational state programs and pedagogical methods based on interactive educational strategies, based on modern trends in education. The main goal of modern methods based on interactive educational strategies is to increase the effectiveness of education and increase the student's interest in learning. This study provides information on the advantages of collaborative learning based on educational methods.*

***Keywords:*** *Modern education, educational methods, interactive methods, pedagogical methods, collaborative learning, pedagogical skills, psychological research.*

**Kirisiw**

Búgingi kúnde bilimlendiriwdiń interaktiv strategiyalarına tiykarlanǵan zamanagóy bilimlendiriw metodlarında oqıtıw formaları óziniń jetiklik dárejesin arttırmaqta, sol sebepli, oqıwshı yamasa student tek ǵana maǵlıwmat alıwshı emes, al belsendi qatnasıwshı, mashqalalardı sheshiwshi hám dóretiwshilik pikirleytuǵın shaxs sıpatında qáliplesip baradı.

Sonlıqtan, zamanagóy pedagogika teoriyası hám ámeliyatı oqıtıw procesinde interaktiv strategiyalar hám innovaciyalıq bilim beriw metodların keńnen engiziwdi áhmietli másele sıpatında qaralmaqta. Bilimlendiriw sistemasındaǵı interaktiv jantasıwlarga tiykarlangan pedagogikalıq metodlar - bul oqıwshılardıń óz ara birge islesiwinde (kolloborativ bilim beriw),

oqıtıwshı menen belsendi baylanıs tiykarında bilim alıw procesin shólkemlestiriwshi strategiyalar kompleksi esaplanadı. Xalıqaralıq kólemdegi bilimlendiriw standartlarınıń tallawlarına bola, dúnya boyınsha aldıńgı bilimlendiriw sistemalarına tiykarlanǵan metodlar oqıwshılardıń erkin pikirlew, dóretiwshilik hám mashqalalı jaǵdaylardı sheshiw kónlikpelerin rawajlandırıwǵa járdem beredi, bilimlendiriwdiń zamanagóy baǵdarlarına qaratılǵan interaktiv oqıtıw metodların tiykarǵı tiykarǵı baǵdar sıpatında belgilep alınǵan. Amerikalı pedagog hám alım John Dewey (1916) óziniń "Democracy and Education" shıǵarmasında bilimlendiriw procesin jámiyettegi real mashqalalardı sheshiw menen baylanıstırıp úyreniw zárúrligin atap ótken hám bilimlendiriwdiń zamanagóy formalarınan paydalanıwdıń abzallıqları haqqında maǵlıwmatlar keltirip ótken.

Dyuidiń pikirinshe, bilim alıw procesinde oqıwshılar tek tayar bilimdi emes, al onı ámelde qollanıwdı da úyreniwi kerek dep esaplap ótken. Bul bolsa "learning by doing methods" yaǵnıy "Ámel arqalı úyreniw metodi" zamanagóy interaktiv bilim beriw koncepciyasına tiykarlanadi.

Zamanagóy pedagogikalıq izertlewler nátiyjeleriniń analizi sonı kórsetedi, zamanagóy bilimlendiriw baǵdarlamalarına tiykarlanǵan interaktiv metodlar oqıwshılardıń motivaciyası, óz betinshe bilim alıw kónlikpesi hám sın kózqarastan pikirlew qábiletin kúsheytiwge járdem beredi.

Bilimlendiriwdiń interaktiv oqitiw strategiyalarınıń tiykarǵı maqseti - bilim alıwshınıń bilim procesin arttırıwǵa hám oni passiv tıńlawshıdan aktiv qatnasıwın támiyinlewden ibarat. Bul zamanagóy bilimlendiriwge baylanıslı qatnasıqlarǵa tiykarlanǵan halda pedagogikalıq metodlardı shólkemlestiriw arqalı bilimlendiriw procesin tek bilim beriwden ibarat emesligi, al kommunikativlik, sociallıq hám analitikalıq kompetenciyalardı qáliplestiriwge qaratılǵan baǵdarlarda basqıshpa-basqısh ámelge asırıw tiykarǵı wazıypa esaplanadı. Bilim beriwde bunday metodlardı qollanıw muǵallimnen joqarı dárejedegi kreativlik, pedagogikalıq sheberlik hám psixologiyalıq tayarlıqtı talap etedi. Zamanagóy bilim beriwdiń interaktiv usılları boyınsha xalıqaralıq alımlar tárepinen alıp barılgan izertlewlerge tiykarlanıp interaktiv bilim beriw formasınıń tiykarǵı tallawları sonı kórsetedi, bilimlerdi ózlestiriw dárejesi tikkeley oqıwshınıń bilim beriw procesinde belsendiligin asırıw kórsetkishlerine baylanıslı boladı. Sonıń ushın da búgingi kúnde dúnyanıń kóplegen universitetleri hám mekteplerinde "Active Learning," "Collaborative Learning" sıyaqlı bilimlendiriwge jantasıw formaları keń qollanılmaqta.

Maǵlıwmat sıpatında aytıwımız múmkin, házirgi waqıtta zamanagóy bilim beriwde interaktiv strategiyalar hám pedagogikalıq metodlar oqıwshı shaxsınıń qızıǵıwshılıqların arttırıw, dúnyaqarasın keńeytiw, erkin pikirlew qábiletin arttırıw, jańa bilimlerge ie bolıw, jámáátte óz-ara birgelikte bilim alıw, qarım-qatnas hám refleksiya tiykarında qurılǵan bilimlendiriw modeliniń rawajlanıwına xızmet etedi. Bilimlendiriwde kóp vektorli pedagogikalıq jantasıwlarga tiykarlangan metodlardan paydalanıw bagdarlamasın keń kólemde joqarı bilimlendiriw mákemeleriniń oqiw iskerliginde qollanıw arqalı bolip, studentlerdiń oqiw procesinde qatnasıw dárejesin asıradı. Birgelikte oqıw oqıwshılarǵa oqıw baǵdarlamasınıń mazmunın ózlestiriw hám hár qıylı pikirlew, kolloborativlik kónlikpelerin rawajlandırıw kózqarasınan oqıw procesin jedellestiriwge járdem beretuǵın tastıyıqlanǵan metodikalıq usıl bolıp esaplanadı. Bul pedagogikalıq strategiyalar studentler arasındaǵı óz ara qatnasıqlardıń salıstırmalı joqarı dárejesin úgit-násiyatlawda ulıwma bolıp tabıladı. Birgeliktegi bilimlendiriwdiń nátiyjeliligi sociallıq-psixologiyalıq faktorlardıń (shaxslararalıq qatnasıqlar sapası, psixologiyalıq beyimlesiw,

úyreniwge unamlı qatnas) hám úyreniw túrleriniń úylesimliligi menen baylanıslı qatnasıwdı támiyinlew arqalı shólkemlestiriw maqsetke muwapıq.

Birgeliktegi (kolloborativ) bilimlendiriwdiń joqarıdaǵı xarakteristikaları birgeliktegi kóp vektorlı bilimlendiriw baǵdarlarında úlken tárbiyalıq potencialǵa ie degen juwmaqqa keliwge imkaniyat beredi. Bul izertlewde usı interaktiv bilim beriw metodlarına tiykarlanǵan pedagogikalıq qatnaslardıń teoriyalıq tiykarları, xalıqaralıq tájiriybeler, zamanagóy bilim beriw metodlarına tiykarlanǵan qurallar arqalı qollanılıwı hám de Ózbekstan Respublikasında bilimlendiriw sistemasında engiziw imkaniyatları tereń tallanadı. Zamanagóy bilimlendiriwdiń strategiyalıq basqıshlardaǵı analizi bul tek bilim beriwshi sistema modeli emes, al shaxsti rawajlandırıwshı, sociallıq turmisqa tayarlawshı, ortalıqta hám global dúnyada belsendi boliwga úyretiwshi process esaplanadı. Búgingi kúnge kelip bilimlendiriw koncepciyası "bilimdi ózlestiriw"den góre "bilimdi jaratıw" principine tiykarlanbaqta hám jańa bilim beriw metodlarınan paydalanıw jaqsı nátiyjelerge imkaniyat jaratpaqta. Psixologiyalıq kózqarastan kelip shıqqan halda interaktiv oqıtıw metodları shaxstıń aktiv qatnasıwın támiyinlewshi qural bolıp yesaplanıp, bilimlerdi uzaq múddetli yadta bekkemlewge járdem beredi. Tájiriybeli pedagog Albert

Banduranıń sociallıq úyreniw teoriyasına muwapıq, insan basqalardıń háreketlerin baqlaw, sınǵa alıw hám olardı tallaw arqalı jańa minez-qulıq formaların úyrenedi. Sol sebepli, birgelikte oqitiw (kolloborativ bilim beriw) hám talqılawga tiykarlangan metodlar oqıwshılardıń sociallıq ortalıqta óz ara tásirin kúsheytedi. Bunday jantasıwlar oqitiwda "Differencial tálim" hám "Individual oqiw bagdarları" koncepciyaların qáliplestirdi. Nátiyjede oqıtıw procesi jáne de shaxsqa baǵdarlanǵan tárizde, beyimlesiwsheń hám interaktiv tús aldı.

Demek, zamanagóy bilim beriw koncepciyası hám metodologiyası shaxsqa bagdarlangan, interaktiv hám birgeliktegi bilim beriw formaları tiykarında qurilgan sistemanı názerde tutadi. Ol oqıwshınıń ózlestiriw dárejesi emes, al onı pikirlew, talqılaw, dóretiwshilik hám mashqalalardı sheshiw qábiletin rawajlandırıwdı tiykarǵı maqset etedi. Sonlıqtan, Ózbekstan bilimlendiriw sisteması da búgingi global ózgerisler sharayatında usı koncepciyalardı milliy dástúrlerge únles halda engiziw arqalı básekige shıdamlı, bilimli hám dóretiwshi pikirleytuǵın áwladtı tárbiyalaw jolınan barmaqta, degen pikirdemiz. Interaktiv oqıtıw sistemasınıń tiykarǵı modeli - bul oqıw procesinde oqıtıwshı hám oqıwshılar arasında aktiv baylanıs, birge islesiw hám pikir almasıw tiykarında shólkemlestirilgen metodlardıń analitikalıq sisteması. Bul jantasıwda bilim beriw procesi eki tárepleme iskerlikke ajıratıladı: oqıtıwshı oqıwshını basqaradı, biraq sol waqıtta oqıwshınıń pikir hám tájiriybesinen de úyrenedi. Interaktiv strategiyalar oqiw procesiniń sapasın túpten ózgertedi. Xalıqaralıq pedagogikalıq izertlewler sonı kórsetedi, interaktiv oqıtıw metodları nátiyjesinde: oqıwshılardıń bilimlerdi saqlap qalıw dárejesi 50-70% ke shekem artadı, dóretiwshilik hám sın kózqarastan pikirlew qábileti rawajlanadı. Bilimlendiriwge baylanıslı motivaciya hám úyreniwge qızıǵıwshılıq kúsheedi. Bunnan tısqarı, interaktiv metodlar oqıwshınıń bilim alıwǵa bolǵan mútájligine sáykeslesedi. Hár bir oqıwshı óz qábileti, tezligi hám úyreniw usılına sáykes túrde processke kirisedi. Bul qatnas tálimdi individuallastırıw imkaniyatın beredi.

**Juwmaq**

Juwmaqlap sonı aytıwımız múmkin, interaktiv bilim beriw metodların nátiyjeli engiziw ushın muǵallim joqarı dárejedegi tayarlıqqa iye boliwi kerek boladı. Tilekke qarsı, ayırım jaǵdaylarda interaktiv bilim beriw metodın qollanıwda tómendegi mashqalalar baqlanadı:

Oqıtıwshılardıń jańa pedagogikalıq texnologiyalardı jeterlishe bilmesligi metodlardan paydalanıwda maǵlıwmatlardıń kemliginen ibarat. Bul mashqalalardı sheshiw ushın pedagogikalıq tájiriybe arttırıw baǵdarlamaların jańalaw, bilimlendiriw infrastrukturasın modernizaciyalaw hám sanlı didaktika boyınsha oqıtıwshılardı qayta tayarlaw zárúr boladı. Interaktiv oqitiw strategiyaları zamanagóy bilimlendiriwdiń tiykarı esaplanadı. Olar arqalı oqıwshı bilim alıwshı emes, al bilim jaratıwshı shaxsqa aylanadı. Bul pedagogikalıq metodlar oqıtıwshı hám oqıwshı arasında baylanıstı kúsheytedi, birge islesiw, dóretiwshilik hám sociallıq juwapkershilikti rawajlandırıwǵa xızmet etedi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Turemuratova, Aziza, Maftuna Masharipova, and Ma'mura Atabayeva. "RESEARCH ON IMPROVING STUDENTS'COLLABORATIVE SKILLS BASED ON MULTI-VECTOR PSYCHOLOGICAL TRAINING APPROACHES." Modern Science and Research 4.4 (2025): 90-97.
2. Turemuratova, Aziza, and Mahliyo Ruzimova. "PEDAGOGICAL ANALYSIS OF THE FORMATION OF COLLABORATIVE SKILLS OF STUDENTS BASED ON MULTI-VECTOR PEDAGOGICAL APPROACHES IN EDUCATION." Наука и инновации в системе образования 3.13 (2024): 88-92.
3. Turemuratova A., Kurbanova R., Saidboyeva B. EDUCATIONAL TRADITIONS IN SHAPING THE WORLDVIEW OF YOUNG PEOPLE IN FOLK PEDAGOGY //Modern Science and Research. – 2023. – Т. 2. – №. 10. – С. 318-322.
4. Jarilkapovich M. A. Program Technology for Choosing an Effective Educational Methodology Based on Modern Pedagogical Research in The Educational System //CURRENT RESEARCH JOURNAL OF PEDAGOGICS. – 2025. – Т. 6. – №. 02. – С. 30-33.
5. Jarilkapovich M. A. USE OF PEDAGOGICAL METHODS BASED ON THE MODERN EDUCATIONAL PROGRAM TO INCREASE THE EFFECTIVENESS OF EDUCATION //European International Journal of Pedagogics. – 2024. – Т. 4. – №. 06. – С. 26-33.
6. Jarilkapovich M. A. The Role of Modern Education and The Teacher's Pedagogical Skills in The Application of Pedagogical Teaching Methods //International Journal of Pedagogics. – 2025. – Т. 5. – №. 04. – С. 266-268.
7. Turemuratova A. B. TA’LIMDA PEDAGOGIK YONDASHUVLAR ASOSIDA O’QUVCHIYOSHLARNING KOLLOBORATIV KO’NIKMALARINI RIVOJLANTIRISH MEXANIZMLARI //Inter education & global study. – 2025. – Т. 3. – №. 4. – С. 242-250.
8. Kurbanova, R. J., and B. E. Saidboeva. "MAKTAB VA OILADA ESTETIK TARBIYANI SHAKLLANTIRISH JARAYONIDA O'QUVCHILARNING AKSIOLOGIK DUNYOQARASHINI RIVOJLANTIRISH." Inter education & global study 9 (2024): 114-121.
9. Begibaevna, Turemuratova Aziza, Kujamuratova Gulnaz Jumabayevna, and Iskendarova Shayra Sabirovna. "PEDAGOGICAL MECHANISMS OF DEVELOPING

COLLABORATIVE SKILLS OF STUDENTS BASED ON A MULTI-VECTOR APPROACH." International Journal of Pedagogics 4.09 (2024): 55-62.

10. Begibaevna, Turemuratova Aziza. "APPLYING METHODS THAT IMPROVE STUDENTS'COLLABORATIVE SKILLS BASED ON MULTI-VECTOR PEDAGOGICAL APPROACHES." European International Journal of Pedagogics 4.11 (2024): 178-182.
11. Begibaevna, Turemuratova Aziza, and Asamatdinova Bazargul Bakhadirovna. "PEDAGOGICAL FOUNDATIONS OF DEVELOPING STUDENTS'COLLABORATIVE SKILLS BASED ON A MULTI-VECTOR APPROACH." European International Journal of Pedagogics 4.11 (2024): 183-187.
12. Begibaevna, Turemuratova Aziza. "THE ROLE OF PEDAGOGICAL METHODS BASED ON MULTI-VECTOR APPROACHES IN MODERN EDUCATION IN IMPROVING STUDENTS'COLLABORATIVE SKILLS." CURRENT RESEARCH JOURNAL OF PEDAGOGICS 5.11 (2024): 98-102.